# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–21 फरवरी 2025 भोजपुरी समाचार

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ बजट सत्र के चउथा दिन्ने राज्यपाल के अभिभासण पर चरचा के दौरान आजु कहलें कि उत्तर प्रदेस देस क सबसे बड़हन अर्थव्यवस्था बनले के दिसा में आगे बढ़ि रहल हौ। उहां के कहलीं कि जब उनकर सरकार आइल रहे तब राज्य के अर्थव्यवस्था बारह लाख करोड़ रूपिया रहल, जवन येह वित्तीय बरिस के आखीर ले साढ़े सत्ताइस लाख करोड़ रूपिया हो जाई। मुख्यमंत्री कहलें कि प्रदेस सरकार बरिस दुइ हजार ओन्तीस ले राज्य के अर्थव्यवस्था के एक ट्रिलियन डॉलर क अर्थव्यवस्था बनावे बदे प्रतिबद्ध हौ।

***आदरणीय प्रधानमंत्री जी की प्रेरणा से उनके वीजन के अनुरूप उत्तर प्रदेश में वन ट्रिलीयन डॉलर की इकोनोमिक बनने की दिशा में एक बड़े कार्यक्रम को आगे बढ़ाया है। हमने दो हजार बाईस से इसके लिए व्यवस्थित कार्ययोजना को आगे बढ़ाया है।***

मुख्यमंत्री प्रदेस के अर्थव्यवस्था में महाकुंभ के आयोजनो क उल्लेख कइलें।

***उत्तर प्रदेश के इस पोंटिशियल को आज जिसको देश और दुनिया देख रही है। महाकुंभ के इस आयोजन के साथ हम जोड़ के देख सकते है। अगले महाकुंभ का एक आयोजन उत्तर प्रदेश के इकोनोमिक में तीन लाख करोड़ रूपये से अधिक की ग्रोथ करने वाला है।***

मुख्यमंत्री कहलें कि प्रदेस में हर एक सेक्टर में बदलाव भइल हौ अउर एकरे नाते पछिला आठ बरिस में राज्य में छौ करोड़ से बेसी लोगिन के गरीबी रेखा से उप्पर उठवले में सफलता मिलल हौ।

**********

प्रयागराज महाकुंभ में रोजाना करीब एक करोड़ से बेसी सरधालुअन के पवित्र संगम में नइले क सिलसिला चलि रहल हौ। अजुओ संझा चारि बजे ले एक करोड़ एक लाख से बेसी सरधालु महाकुंभ में नहा चुकल हवें। येही कड़ी में असम क मुख्यमंत्री हिमंत बिस्वा सरमा अउर केन्द्रीय मंत्री आरसी पाटिल परिवार के साथे संगम में नहा के आजु पूजा–अर्चना कइलें।

छब्बीस फरौरी के महाशिवरात्रि के सथहीं महाकुंभ क समापन हो जाई। येह खास नहान पर सम्भावित भारी भीड़ि क सुविधा अउर सुरक्षा इंतिजाम क तइयारियन के देखे बदे प्रदेस क मुख्य सचिव मनोज कुमार सिंह अउर पुलिस महानिदेसक प्रशान्त कुमार आजु प्रयागराज पहुंचलें। उहां के मेला इलाका में तइयारियन क जायजा लिहलीं अउर मेला प्रसासन के साथे समीक्षा बइठकी कइलीं।

येह बिच्चे, प्रदेस के सज्जो जिलन में आजु से कैदियन के संगम क पवित्र जल से नहइले क सुविधा उपलब्ध करावल जा रहल हौ। कारागार मंत्री दारा सिंह चौहान आजु आदर्स कारागार लखनऊ से एकर सुरूआति कइलें। येही क्रम में प्रयागराज क केन्द्रीय कारागार नैनी अउर जिला कारागार में दुइ हजार चारि सौ से बेसी, अजोध्या के मंडलीय कारागार में सात सौ सत्तर अउर जौनपुर जिला कारागार में नौ सौ नौ कैदियन के सथहीं प्रदेस के कई जिलन में ढेरि संख्या में कैदी पवित्र नहान कइलें।

**********

केन्द्रीय स्वास्थ्य अउर परिवार कल्याण मंत्री जे.पी. नड्डा एक दिन के दौरा पर आजु बनारस पहुंचलें। उहां के सर्किट हाउस में बीएचयू के चिकित्सा विज्ञान संस्थान क अधिकारियन के साथे बइठकी कइ के येह संस्थान के एम्स क दरजा मिलले पर एकर तइयारी अउर कइल गइल कार क समीक्षा कइलीं। काशी विश्वनाथ मंदिर में दरसन–पूजन कइले के बादे केन्द्रीय स्वास्थ्य मंत्री नमो घाट पर काशी–तमिल संगमम में मुख्य अतिथि के रूप में सामिल हो रहल हवें।

**********

केन्द्रीय वित्त मंत्री निर्मला सीतारामन आजु वाराणसी के बनारस रेल इंजन कारखाना में बनल विद्युत रेल इंजन–डब्ल्यू ए पी सात के हरियर झंडी देखा के देस के समरपित कइलीं। येह विद्युत रेल इंजन क क्षमता छौ हजार हॉर्स पावर अउर गति एक सौ चालीस मिलोमीटर प्रतिघंटा हौ। एके सज्जो तरह क यात्री, मेल अउर एक्सप्रेस ट्रेनन के खींचे बदे डिजाइन कइल गइल हौ। बनारस दौरा पर आइल वित्त मंत्री आजु नया बनल पर्यवेक्षक विश्राम घर अउर अमृत कानन सामुदायिक पार्को क उद्घाटन कइलिनि।

**********

बनारस जिला के मिर्जामुराद थान्हा इलाका में बनारस–प्रयागराज हाइवे पर एगो खड़ा ट्रक से आजु भिन्नहीं तीर्थयात्रियन क कार लड़ि गइल, जेहमें महाकुंभ से लवटि रहल पति–पत्नी के सथहीं पांच जने क मउति हो गइल। येह दुखद घटना में घाही कार सवार अउरियो लोगिन क इलाज करावल जा रहल हौ। मृतक सरधालु कर्नाटक राज्य क रहवइया रहलें।

**********

मौसम विज्ञान विभाग येह हप्ता सत्ताइस फरौरी ले मौसम सुस्क रहले अउर देर राति अउर भिन्नहीं के समय कहीं–कहीं हल्लुकाहे कुहेसा परले क सम्भावना जतवले हौ। सथहीं पच्छिमी उत्तर प्रदेस में सत्ताइस फरौरी के कहीं–कहीं गरज–चमकि के साथे बौछार परले क अनुमान हौ। विभाग क पूर्वानुमान के मोताबिक अगिला अड़तालीस घंटा के दौरान अधिकतम तापमान दुइ से पांच डिगिरी सेल्सियस बढ़ले क सम्भावना हौ। ओहीं, अगिला पांच दिन के दौरान न्यूनतम तापमान में दुइ से तीनि डिगिरी सेल्सियस क गिरावट आ सके ला।

**********